

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Numutkeun Sugiyono (2013, kc. 2), métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan tujuan sarta mangpaat anu tangtu. Ku kituna, dina ieu panalungtikan, data anu dibeunangkeun kudu ngarujuk dumasar kana métodena, sangkan hasil dina ieu panalungtikan luyu jeung kaayaan anu sabenerna.


Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu sumber datana mangrupa kekecapan lisan, tulisan, atawa barang, anu ditalungtik kalayan gemet sangkan bisa nyangkem ma'na tina hal anu ditalungtik (Arikunto, 2013).

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik. Métode déskriptif analitik nyaéta ngadéskripsiéun fakta-fakta anu tuluy dianalisis (Ratna, 2010, kc. 53). Tujuan tina ieu métode nya éta pikeun ngadéskripsiéun puisi pupujian anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor. Sarta ngaanalisis struktur batin ogé struktur lahirna tur salah sahiji pupujianana dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di kelas VII SMP.

#### **2.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan mangrupa bagan anu eusina tahapan panalungtikan ti mimiti tatahar nepi ka nyusun laporan atawa kacindekan (Sidiq & Choiri, 2019, kc. 154). Dina ngalaksanakeun panalungtikan perlu ayana desain panalungtikan anu miboga pungsi sangkan leuwih babari dina panalungtikanana. Ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah, nyaéta (1) Tatahar, ngawengku nangtukeun judul, ngaidéntifikasi masalah, jeung nangtukeun instrumén. (2) Ngumpulkeun data, ti mimiti observasi, wawancara, nyebar angkét, dokuméntasi, jeung studi Pustaka. (3) Ngolah, nganalisis, jeung nafsirkeun data. (4) Nyieun kacindekan. Sarta (5) Nyieun laporan. Sangkan leuwih jéntré desain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambankeun dina bagan di handap.

### **Bagan 3.1 Desain Panalungtikan**



### **3.2 Téknik Panalungtikan**

Téknik panalungtikan dina ieu panalungtikan ngawengku téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data anu dipedar saperti kieu.

#### **3.2.1 Téknik Ngumpulkeun Data**

Téhnik panalungtikan nya éta salah sahiji tarékah anu dilakukeun kalayan ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan anu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Sugiyono, 2013, kc. 137). Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka, obsérvasi, wawancara, angkét, dokuméntasi, jeung transliterasi naskah.

##### **1) Studi Pustaka**

Studi kepustakaan aya pakaitna jeung kajian téoritis atawa référénsi séjén anu miboga ajén, budaya, jeung norma anu tumuwuhna saluyu jeung situasi sosial anu ditalungtik (Sugiyono, 2013, kc. 291). Tujuan ngagunakeun studi kepustakaan nyaéta pikeun meunangkeun masalah, data-data, sarta pokus-pokus panalungtikan (Yusuf, 2014, kc. 406).

Téknik studi pustaka dina ieu panalungtikan nyaéta ku cara néangan informasi dina buku-buku atawa jurnal-jurnal anu aya di Pabukon Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda, Pabukon Universitas Pendidikan Indonesia, Pabukon Ajip Rosidi, sarta dina internet.

##### **2) Observasi**

Nurutkeun Sutrisno (dina Sugiyono, 2013, kc. 145) observasi nyaéta hiji prosés anu dasar, prosés nyangking data jeung fakta anu aya di lapangan. Dina tahapan observasi, bisa nyangking data ku cara ningal langsung, ngabandungan, ngambeu, sarta ngabandungan objék anu ditalungtik (Yusuf, 2014, kc. 384).

Tujuan observasi anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun niténan kagiatan-kagiatan anu aya patalina jeung panalungtikan di Désa Sukaresmi, Kacamatan Mégamendung, Kabupatén Bogor anu sacara langsung dijéntrékeun dina tabél 3.1.

**Tabél 3.1 Observasi ka Lapangan**

No.	Waktu	Tempat	Kagiatan
1.	10 Désember 2021	Majlis An'nur	Pengajian Ibu-ibu
2.	15 Désember 2021	Majlis An'nur	Pengajian umum
3.	25 Maret 2022	Majlis Ar-Rohmah	Pangajian Ibu-ibu
4.	1 April 2022	Ponpes An-nur	Kagiatan pondok
4.	3 April 2022	Ponpes Al-Ikhlas	Kagiatan Pondok

**Tabél 3.2 Instrumén Observasi**

No.	Indikator Anu diobservasi	Kabutuhan	
		✓	X
1	Ayana pangajian	✓	
2	Ayana pupujian anu dinadomkeun	✓	
3	Palaku anu nganadomkeun pupujian	✓	
4	Basa anu nyangkaruk tina pupujian: a. Sunda b. Indonésia c. Arab	✓	
5	Eusi pupujian saluyu jeung pamadegan Yus Rusyana	✓	
6	Pungsi pupujian salaku éksprési pribadi, sosial, jeung média atikan	✓	
7	Pupujian anu diajarkeun ka barudak/masarakat umum		✓

### 3) Wawancara

Wawancara nyaéta ténik ngumpulkeun data anu ngalibetkeun dua urang atawa leuwih pikeun meunangkeun informasi jeung ide ngaliwatan paguneman (Sugiyono, 2013, kc. 231). Tujuan tina wawancara nyaéta pikeun mikanyaho sacara écés kana pasualan dina ieu panalungtikan tina jawaban narasumber.

Nurutkeun Yusuf (2014, kc. 372-374) sangkan tujuan wawancara kacumponan, aya opat faktor anu mangaruh suksés henteuna wawancara. Opat faktor éta nyaéta (1) pihak anu ngawawancara, (2) sumber informasi/narasumber, (3) matéri patarosan, sarta (4) situasi wawancara. Kaopat faktor éta kudu ditataharkeun sangkan prosés meunangkeun data kacumponan saluyu jeung kabutuhan panalungtikan.

Nurutkeun Esterberg (dina Sugiyono, 2013, kc. 233) nétélakeun yén wawancara kabagi jadi tilu bagian nyaéta wawancara *terstruktur*, *semiterstruktur*, jeung henteu *terstruktur*. Anapon anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara *semiterstruktur*.

Wawancara semiterstruktur nyaéta jenis wawancara anu kaasup katégori *in-dept interview*, anu hartina wawancara leuwih bέbas tibatan wawancara *terstruktur*. Wawancara semiterstruktur nyaéta wawancara pikeun mikanyaho pasualan anu leuwih nέembrak atawa narasumber nepikeun kamandang jeung ide-idenā. Dina ieu prosés, panalungtik ngaregepkeun sacara sarigep tur taliti pikeun nyatet sakabéh informasi anu ditepikeun ku narasumber.

Wawancara dina ieu panalungtikan, dilakukeun pikeun meunangkeun data ngeunaan pupujian, utamana aya henteuna éta pupujian, sarta gambaran umum ngeunaan kondisi lingkungan tempat panalungtikan, masarakatna, jeung téks naskah-naskah pupujianana.

#### **4) Angkét**

Angkét atawa kuésionér nyaéta téknik ngumpulkeun data anu dilakukeun ku cara méré patarosan sacara tinulis ka réspondén pikeun ngajawabna (Sugiyono, 2013, kc. 142). Tujuan tina ieu angkét pikeun meunangkeun data sacara jembar kana pasualan anu ditalungtik.

Dina ieu panalungtikan miboga tujuan husus ngayakeun téknik nyebar angkét sangkan jadi data *pendukung* kana data anu geus dicangking tina hasil observasi ogé wawancara. Data anu dikumpulkeun nyaéta data ngeunaan réspon masarakat sabudeureun kana ayana pupujian di éta désa.

#### **5) Dokuméntasi**

Dokumén nyaéta cutatan kajadian anu geus lumangsung. Dokumén bisa ngawujud tulisan, gambar, atawa karya-karya ti hiji tokoh (Sugiyono, 2013, kc. 240). Tujuan tina ayana téknik dokuméntasi nyaéta pikeun data pang lengkép anu geus dicangking tina hasil observasi, wawancara, ogé angkét.

Dokuméntasi dina ieu panalungtikan ngawujud téks pupujian anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mέgamendung, éta téks aya dina wangu rékaman jeung potré. Salian ti éta, dokuméntasi diperlukeun dina ngadokuméntasi sakabéh kagiatan dina ieu panalungtikan.

## 6) Transliterasi Naskah

Transliterasi nyaéta ngaganti aksara awal kana aksara séjén, bisa ogé ku ngalihkeun téks lisan (rékaman) kana téks tinulis. Tujuan ayana transliterasi naskah nyaéta pikeun ngalihaksarakeun téks pupujian di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung anu ditulis ku aksara Arab pégon, aksara Indonésia kana aksara latén basa Sunda.

### 3.2.2 Téknik Ngolah Data

Téknik ngolah data mangrupa téknik dina nganalisis data anu geus dikumpulkeun tina hasil panalungtikan. Data anu dijadikeun bahan pikeun didéskripsiyeun nya éta puisi pupujian anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor. Dina ieu panalungtikan, dianalisis puisi pupujian dumasar struktur batin jeung lahir, sarta salasahiji téks pupujian bakal dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di kelas VII SMP. Téknik ngolah datana didéskripsiyeun kieu.

- 1) Panalungtik nangtukeun 12 téks pupujian luyu jeung klasifikasi pupujian dumasar eusina, masing-masing 2 pupujian ti unggal klasifikasi eusina, anu satuluyna ditransliterasi ti aksara pégon ka aksara latén.
- 2) Sanggeus ditransliterasi, panalungtik bakal nganalisis puisi pupujian dumasar kana analisis struktural puisi anu nyoko kana téori Alton C. Morris (struktur lahir puisi) jeung I.A. Richard (struktur batin puisi).
- 3) Pamungkas, salah sahiji téks pupujian anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor dijadikeun bahan ajar dumasar kana téori Haerudin dina padika milih bahan pangajaran.

### 3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam jeung sosial anu diperhatikeun (diamati) sacara taliti, bisa ogé ngeuanaan validitas jeung reliabilitas instrumen atawa kualitas dina ngumpulkeun data luyu jeung cara-cara anu digunakeunana (Sugiyono, 2013, kc. 137).

Instrumén panalungtikan dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data, anu dipedar saperti kieu.

### **3.3.1 Instrumén Panalungtikan dina Ngumpulkeun Data**

Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun sababaraha instrumén sangkan nyangking data jeung hasil anu nyugemakeun. Instrumén anu digunakeun nyaéta instrumén studi pustaka, format observasi, padika wawancara, padika angkét, média dokuméntasi, jeung instrumén transliterasi. Anu dipedar saperti kieu.

#### **1) Instrumén Studi Pustaka**

**Tabél 3.3 Studi Pustaka**

No.	Buku	Keterangan

#### **2) Format Observasi**

Format Observasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku (No, waktu, tempat, kgiatan, narasumber).

**Tabél 3.4 Obsérvasi**

No.	Waktu	Tempat obsérvasi	Kegiatan	Narasumber

#### **3) Padoman Wawancara**

**Tabél 3.5 Padoman Wawancara**

<b>Wasta:</b>	
<b>Poé, Tanggal:</b>	
No.	Daptar Patalékan
1.	Naha Bapa/Ibu apal naon ari pupujian (nadoman) téh?
2.	Kumaha kaayaan pupujian di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung?
3.	Iraha biasana Bapa/Ibu nguping éta pupujian?
4.	Awalna Bapa/Ibu kénging info ngeunaan éta pupujian téh ti saha?
5.	Pupujian naon baé anu sok dinadomkeun di Désa Sukaresmi?
6.	Biasana saha anu nganadomkeun éta pupujian?
7.	Kumaha cara ngajardeun éta pupujian ka para santri/barudak/siswa?
8.	Biasana basa/aksara naon anu digunakeun dina éta pupujian?
9.	Sabenerna, naon pungsi ayana éta pupujian?
10.	Nurutkeun Bapa/Ibu, kumaha saupama ieu pupujian anu aya di Désa Sukaresmi diajardeun ka barudak sakola?

**Tabél 3.6 Narasumber**

No.	Narasumber
	(Potréti narasumber)
Ngaran	
Umur	
Pakasaban	
Atikan	
Padumukan	

**Tabél 3.7 Data Pupujian**

No.	Judul Pupujian	Narasumber

## 4) Padoman Angkét

### Bagan 3.2 Padoman Angkét

#### ANGKÉT PANALUNGTIKAN SKRIPSI

“Struktur Puisi dina Pupujian di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di Kelas VII SMP”

Ngaran Lengkep	:	No Angkét	:
Wanda Baga ( <i>Jenis Kelamin</i> )	:	RT/RW	:
Yuswa	:		
Agama	:		
1. Naha Sadérék apal kana nadoman Sunda (Pupujian)?			
<input type="checkbox"/> Apal	<input type="checkbox"/> Teu apal		
2. Biasana Sadérék nguping nadoman Sunda (Pupujian) di mana?			
<input type="checkbox"/> Masigit	<input type="checkbox"/> Imah		
<input type="checkbox"/> Tempat pangaosan	<input type="checkbox"/> Radio/Youtube		
<input type="checkbox"/> Nalika aya acara kaislamah			
3. Saha nu sok nganadomkeun éta nadoman Sunda (Pupujian)?			
<input type="checkbox"/> Barudak santri	<input type="checkbox"/> Masarakat biasa		
<input type="checkbox"/> Sesepuh			
4. Kumaha pamendak Sadérék ngeunaan nadoman Sunda (Pupujian) di masigit saméméh salat atawa pangaosan?			
<input type="checkbox"/> Ngarasa kaganggu	<input type="checkbox"/> Biasa-biasa waé		
<input type="checkbox"/> Ngarasa diélingan			
5. Biasana basa anu digunakeun dina nadoman Sunda (Pupujian) nyaéta?			
<input type="checkbox"/> Sunda	<input type="checkbox"/> Sunda – Arab		
<input type="checkbox"/> Arab	<input type="checkbox"/> Arab – Indonésia – Malayu		
<input type="checkbox"/> Indonésia/Malayu	<input type="checkbox"/> Sunda – Indonésia – Arab		
6. Di mana Sadérék kénging atawa diajar éta nadoman Sunda (Pupujian)?			
<input type="checkbox"/> Di pasantréni	<input type="checkbox"/> Teu kahaja		
<input type="checkbox"/> Di pangajian	<input type="checkbox"/> Ti internét		
<input type="checkbox"/> Ti sepuh			
7. Nadoman Sunda naon anu mindeng ka kuping ku Sadérék?			
<input type="checkbox"/> Abdaubis	<input type="checkbox"/> Anak Adam		
<input type="checkbox"/> Istri jeung Carogé	<input type="checkbox"/> Santri Al-Ikhlas		
<input type="checkbox"/> Syi'iran Poé Kiamah	<input type="checkbox"/> .....		
8. Naha aya amanat atawa pesen anu nyangkaruk sabada ngupingkeun éta pupujian?			
<input type="checkbox"/> Loba	<input type="checkbox"/> Saeutik		
<input type="checkbox"/> Biasa waé			
9. Naha Sadérék satuju saupama ieu nadoman Sunda (Pupujian) diajarkeun ka barudak sakola?			
<input type="checkbox"/> Satuju pisan	<input type="checkbox"/> Teu satuju		
<input type="checkbox"/> Satuju	<input type="checkbox"/> Teu satuju pisan		
<input type="checkbox"/> Biasa waé			
10. Kumaha tanggapan Sadérék pikeun nadoman Sunda (Pupujian) ka payunna?			
<input type="checkbox"/> Kudu tuluy dinadomkeun			
<input type="checkbox"/> Antepkeun baé			
<input type="checkbox"/> Teu aya gunana			
<input type="checkbox"/> Diajarkeun deui ka barudak			

Hatur nuhun

## 5) Alat Rékam

Dina lumangsungna panalungtikan, aya média pangrojong pikeun meunangkeun informasi tina hasil observasi, wawancara, jeung angkét ti para narasumber.

- (1) Kaméra, alat pikeun ngadokuméntasikeun téks pupujian, tempat jeung narasumber anu diwawancara.
- (2) Alat pikeun ngarékam, pikeun ngarékam data sacara lisan ti narasumber dina prosés ngumpulkeun data.
- (3) Kaméra video, anu pungsina pikeun midio atawa ngarékam pintonan vidio dina waktu nganandomkeun pupujian.

## 6) Transliterasi

Judul Pupujian:

Téks Pupujian aksara Arab Pégón:

Transliterasi Téks Pupujian kana aksara Latén:

**Gambar 3.1 Kartu Data Transliterasi Téks Pupujian**

### 3.3.2 Instrumén Panalungtikan dina Ngolah Data

Instrumén panalungtikan dina ngolah data nyaéta analisis struktur puisi. Di handap mangrupa tabél instrumén dina ngolah data.

**Tabél 3.8 Tipografi/Tatarupa**

Pada ka-	Padalisan ka-	Rumpaka	Jumlah Engang

**Tabél 3.9 Diksi**

Déskripsi Diksi	Kode	Sempalan Rumpaka

**Tabél 3.10 Imaji jeung Kecap Kongkrit**

Imaji	Kecap Kongkrit	Kode	Sempalan Rumpaka

**Tabél 3.11 Gaya Basa**

Gaya Basa	Kode	Sempalan Rumpaka

**Tabél 3.12 Purwakanti**

Purwakanti	Kode	Sempalan Rumpaka

Judul Pupujian:
Téma:
Rasa:
Nada:
Amanat:

**Gambar 3.2 Kartu Data Analisis Struktur Batin Puisi Pupujian**

### 3.4 Data jeung Sumber Data

#### 3.4.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur puisi dina pupujian di Désa Sukaresmi, Kacamatan Mégamendung, Kabupatén Bogor. Anapon struktur puisina ngawengku struktur lahir (*diction*), imaji (*imagery*), kecap nyata atawa kongkrit (*the concrete word*), majas (*figurative language*), ritme jeung rima (*rhythm and rime*)), sarta struktur batin (téma atawa ma’na (*sense*), rasa (*feeling*), nada (*tone*), jeung amanat atawa maksud tujuan (*intention*)).

#### 3.4.2 Sumber Data


Sumber data nyaéta subjék timana asalna data. Bisa ogé mangrupa hiji hal anu dipaké pikeun panalungtikan, nu bisa méré informasi ngeunaan data. Dina ieu panalungtikan miboga tilu sumber data nyaéta lokasi, narasumber, jeung dokumén. Tilu sumber data baris dipedar di handap ieu.

##### 3.4.2.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Désa Sukaresmi. Désa Sukaresmi pernahna aya di Kacamatan Mégamendung Kabupatén Bogor. Ieu désa kabagi jadi lima dusun nyaéta Dusun Lija, Dusun Lamping, Dusun Situ, Dusun Sawah, jeung Dusun Lédeng. Sarta ngawengku 4 Rukun Warga (RW) jeung 14 Rukun Tetangga (RT). Masarakat di ieu désa lolobana ngagem agama Islam. Salian ti éta, ieu désa kaasup désa swadaya, sabab rata-rata pakasaban di ieu désa nyaéta tatani.

Wates wilayah Désa Sukaresmi, Kacamatan Mégamendung, Kabupatén Bogor nyaéta belah wétan ku Désa Sukagalih jeung wahangan anu sumber caina ti Gunung Gedé Pangrango, belah kulon ku wilayah Bojong Murni jeung pasawahan, belah kalér ku Désa Sukamanah jeung Jalan Cikopo Selatan, pamungkas belah kidul ku Arca Domas jeung leuweung.

Dina ieu panalungtikan, henteu sakabéhna dijadikeun lokasi panalungtikan. Anu dijadikeun lokasi panalungtikan ngan dua dusun, nyaéta dusun Situ jeung dusun Sawah. Sangkan leuwih jéntré di handap mangrupa gambar peta lokasi Désa Sukaresmi, Kacamatan Mégamedung, Kabupatén Bogor.



**Gambar 3.3 Peta Lokasi Désa Sukaresmi**

#### 3.4.2.2 Narasumber

Numutkeun Sugiyono (2013, kc. 137) yén dina ngumpulkeun data bisa ngagunakeun sumber primer jeung sekunder. Sumber primer nyaéta sumber data langsung tina data anu dikumpulkeun ku panalungtik, sedengkeun sumber sekunder

Muhamad Kusnadi, 2022

*PUPUJIAN DI DÉSA SUKARESMI KACAMATAN MÉGAMENDUNG KABUPATÉN BOGOR PIKEUN  
BAHAN PANGAJARAN NGAREGEPEKUN DI KELAS VII SMP (Ulikan Struktural)*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyaéta sumber data anu teu langsung dibikeun ku panalungtik, contona ngaliwatan jalma lian atawa ngagunakeun dokumén. Sumber primer dina ieu panalungtikan nyaéta informan-informan ti sababaraha narasumber anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung. Anaponn sumber sekunder dina ieu panalungtikan nyaéta téks pupujian anu aya di Désa Sukaresmi Kacamatan Mégamendung. Aya sababaraha narasumber dina ieu panalungtikan, di antarana disebutkeun dina tabé尔 3.13 di handap.

**Tabé尔 3.13 Data Narasumber**

No.	Narasumber
1.	
	Ngaran: Ust. Muhammad Mukhlis Anwari
	Umur 33 Taun
	Pakasaban Pimpinan Ponpes Al-Ikhlas (Guru ngaji)
	Atikan SD
	Padumukan Désa Sukaresmi, RT 03 RW 01
2.	
	Ngaran: Hj. Rosyidah Damanhuri
	Umur 54 Taun
	Pakasaban Guru ngaji di Ponpes An'nur
	Atikan SD
	Padumukan Désa Sukaresmi, RT 02 RW 01

3.	 <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="width: 30%;">Ngaran</td><td>Ustad Mail</td></tr> <tr> <td>Umur</td><td>58 Taun</td></tr> <tr> <td>Pakasaban</td><td>Guru Ngaji</td></tr> <tr> <td>Atikan</td><td>SD</td></tr> <tr> <td>Padumukan</td><td>Désa Sukaresmi, RT 02 RW 05</td></tr> </table>	Ngaran	Ustad Mail	Umur	58 Taun	Pakasaban	Guru Ngaji	Atikan	SD	Padumukan	Désa Sukaresmi, RT 02 RW 05
Ngaran	Ustad Mail										
Umur	58 Taun										
Pakasaban	Guru Ngaji										
Atikan	SD										
Padumukan	Désa Sukaresmi, RT 02 RW 05										
4.	 <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="width: 30%;">Ngaran</td><td>Ustadzah Karomah</td></tr> <tr> <td>Umur</td><td>38 Taun</td></tr> <tr> <td>Pakasaban</td><td>Guru Ngaji &amp; IRT</td></tr> <tr> <td>Atikan</td><td>SD</td></tr> <tr> <td>Padumukan</td><td>Désa Sukaresmi RT 03 RW 01</td></tr> </table>	Ngaran	Ustadzah Karomah	Umur	38 Taun	Pakasaban	Guru Ngaji & IRT	Atikan	SD	Padumukan	Désa Sukaresmi RT 03 RW 01
Ngaran	Ustadzah Karomah										
Umur	38 Taun										
Pakasaban	Guru Ngaji & IRT										
Atikan	SD										
Padumukan	Désa Sukaresmi RT 03 RW 01										
5.	 <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="width: 30%;">Ngaran</td><td>Ummi Apun</td></tr> <tr> <td>Umur</td><td>50 taun</td></tr> <tr> <td>Pakasaban</td><td>Guru ngaji + IRT</td></tr> <tr> <td>Atikan</td><td>SD</td></tr> <tr> <td>Padumukan</td><td>Désa Sukaresmi, RT 1 RW 02</td></tr> </table>	Ngaran	Ummi Apun	Umur	50 taun	Pakasaban	Guru ngaji + IRT	Atikan	SD	Padumukan	Désa Sukaresmi, RT 1 RW 02
Ngaran	Ummi Apun										
Umur	50 taun										
Pakasaban	Guru ngaji + IRT										
Atikan	SD										
Padumukan	Désa Sukaresmi, RT 1 RW 02										

### 3.5 Prosédur Panalungtikan

Prosédur bisa disebut ogé alur panalungtikan ti mimiti ngaidéntifikasi masalah nepi ka nyieun laporan atawa kacindekan. Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha tahapan prosédur, nyaéta.

- 1) Ngaidéntifikasi masalah, ku cara nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, tujuan mangpaat, jeung métode anu digunakeun dina panalungtikan.
- 2) Ngumpulkeun data, ku cara observasi ka tempat panalungtikan, wawancara ka sababaraha narasumber, nyebar angkét ka masarakat anu aya di sabudeureun masigit, dokuméntasi kana pupujian anu aya, sarta ngalakukeun studi pustaka pikeun ngadeudeulan subjék anu ditalungtik.
- 3) Ngolah data, ku cara milah-milah pupujian dumasar kana eusina, aya nu muji kaagungan Allah, salawat ka Rasulullah, do'a, jrrd.
- 4) Nganalisis data, ku cara nangtukeun sababaraha pupujian anu rék di analisis. Analisisna dumasar kana struktur puisi anu ngawengku struktur lahir jeung struktur batin. Salian ti éta, di seuseulan ku déskripsi ngeunaan ajén moral kana pupujian.
- 5) Nyiapkeun pupujian anu rék dijadikeun bahan ajar di sakola kelas VII SMP.
- 6) Nyieun kacindekan, ku cara nyaluyukeun kana rumusan masalah, tujuan mangpaat, jeung judul dina ieu panalungtikan.